



ESTATI

Chapit 1- Kreyasyon - Non - Sig - Dire - Nati - Objektif - Vizyon - Misyon Deviz - Anblèm - Syèj Sosyal

Atik 1- Kreyasyon - Non - Sig.

Manb fondatè yo kreye **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE** ki genyen sig li ki se **ESHO** nan jou ki te **06 Desanm 2020**. Aprè yon **Asanble Jeneral** kote anpil deba ak diskisyon te fè sou yon pakèt lide ki makònen youn ak lòt. Li se yon rezo mityèl ki regwoupe fanmi, zanmi ak kòlèg ki pataje menm opinyon ki ap viv nan peyi letranje ki chwazi mete ekonomi yo ansanm pou rive devlope **Ekonomi Solidè**.

Atik 2- Dire.

Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO) kreye pou yon dire ilimite. Li kapab kraze pa mwayen yon vòt nan mitan **Manb Fondadè** yo, Sepandan tout **Manb Fondadè** yo dwe dakò pou sa posib. Lè sa a, tout byen ak patrimwàn li prale jwenn yon lòt **Estrikti** ki se yon **Òganizasyon Sosyal** ki ap fe **Don** nan kominote yo ak moun ki pi pakab yo. Nan ka nou pa ta jwenn, se yon **Òganism Leta** ki ap benefisye tout byen ak patrimwàn sa yo.

Atik 3- Nati.

Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO) tabli sou baz yon akò volontè ak responsablite pèsonèl. Nou pa fòse moun vini ladan li epi yon manb genyen dwa pa kontinye rete nan **Estrikti** a pou volonte pa li. Sepandan, tout sa ap fèt selon pwosedi ki trase nan **Règleman Entèn Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**.

Atik 4- Objektif.

Objektif **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** se:

Ede tout manb **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** reyalize pwojè yo epi kolekte ansanm ekonomi yo genyen pou rive tabli yon bon baz pou devlope **Ekonomi Solidè** nan mitan **Ayisyen** ak **Ayisyèn**.

Atik 5- Vizyon.

Pratike solidarite ant **Ayisyen** avèk **Ayisyèn** ki andann kou andeyò peyi a pou rive Devlope lespri solidarite ak pataj nan lanmou youn pou lòt.

Atik 6- Misyon.

Devlope lespri antrèd ak solidarite pou kapab tabli baz pou transfòme lespri moun ki ap viv nan kominote nou yo.

Atik 7- Deviz.

Deviz **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** se: **Pataje Youn Ak Lòt.**

Atik 8- Anblèm.

Anblèm **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** se **De (2) Demi Sèk**, youn kole ak lòt epi ki genyen yon fòm je. Premye demi sèk la genyen koulè ble ki se senbòl lespwa ak bonè, Dezyèm demi sèk la genyen koulè vèt ki se siy pwogrè, fekondite ak fètilite. Anndan **De (2) Demi Sèk** yo genyen non **Estrikti** an ki ekri ladann ki se **HOTSPOT ONE**, men ekriti ki ladann nan genyen koulè ble ak vèt epi genyen tou yon nimewo **En (1)** ki ladann ki vle di viktwa.

Atik 9- Svèj Sosyal.

Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO) chita kò li nan nimewo 57 B, imp. akim A, mawotyè 79, ri chapantye nan komin kafou. Adrès la kapab chanje pou tabli li nenpòt kote sou demand majorite **Manb Fonadè** yo pa mwayen yon vòt **50%+1**.

Chapit 2- Kategori Manb - Tip Plan - Kalite - Kritè

Atik 10- Kategori Manb.

Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO) genyen **Twa (3) Kategori Manb** ladan li ki se:

- **Kategori Manb Fondatè (Board).**
- **Kategori Manb Aderan (Team).**
- **Kategori Manb Byenfetè (Staff).**

Atik 11- Definisyon Kategori Manb Fondatè (Board).

11.1- Kategori Manb Fondatè (Board) se yon gwoup zanmi, fanmi ak kòlèg ki te chita pou brase lide yo, makònen panse ak aksyon pou te rive pran desizyon pou kreye **Estrikti** sa ki se **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**.

11.2- Kategori Manb Fondatè (Board) genyen **Dwa Nominasyon** epi yo genyen **Dwa Veto**, sa vle di yo kapab kase tout desizyon ki pa kadre ak **Estati Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**.

Atik 12- Definisyon Kategori Manb Aderan (Team).

Kategori Manb Aderan (Team), se tout zanmi, fanmi ak kòlèg ki pataje lide, filozofi, vizyon ak misyon **Estrikti** a epi ki ranpli fòmilè entegrasyon ak siyen deklarasyon dangajman **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**. Kidonk moun sa yo genyen dwa pou vini manb aprè verifikasyon ak apwobasyon **Administrasyon** an. Men, manb sa yo dwè toujou patisipe nan **Estrikti** a chak fwa li ap kòmanse ankò selman si genyen yon ijans, sa vle di se manb pèmanan yo ye.

Atik 13- Definisyon Kategori Manb Byenfetè (Staff).

Kategori Manb Byenfetè (Staff), se tout zanmi, fanmi ak kòlèg ki pataje lide, filozofi, vizyon ak misyon **Estrikti** a epi ki siyen deklarasyon dangajman **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE**

(ESHO). Sepandan, manb sa yo ap patisipe nan **Estrikti** a chak fwa genyen yon nesosite pou sa, sa vle di se manb tanporè yo ye.

Atik 14- Kondisyon Pou Vini Manb.

Tout moun ki ap rantre nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**. Dwe rantre sou referans yon **Manb Estrikti** a ki ranpli tout kondisyon yo epi ki genyen otorizasyon pou fè sa.

Atik 15- Otorizasyon Entegrasyon.

Kèlkeswa manb ki nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**. ki vle mete yon lòt moun nan **Estrikti** a. dwe jwenn ak yon **Reprezantan swa Prezidan an, Sekretè Jeneral la** oubyen **Pòt Pawòl la**. Epi **Administrasyon an**, ap genyen pou yo analize ak verifye tout dokiman moun nan pou rive wè si tout dokiman kandida a koresponn ak tout kritè **Estrikti** a mande yo. Donk, se aprè analiz ak verifikasyon, kandida a ap genyen dwa pou vini yon manb **Estrikti** a.

Atik 16- Konesans Sou kandida.

Pyès manb **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** pa genyen dwa mete yon moun nan **Estrikti** a san li pa konnen moun nan byen. Konnen moun nan byen vle di genyen yon relasyon ki sere avèk moun nan epi genyen tout enfòmasyon sou moun nan tankou non li, etid ak pwofesyon li, aktivite li ap fè ak fason moun nan kondwi lavi li.

Atik 17- Refi Enskripsyon Yon kandida.

Si manb referans moun nan pa kapab bay tout enfòmasyon enpòtan sou moun nan, **Administrasyon an** pap kapab aksepte enskri kandida a.

Atik 18- Lekti Règleman Yo.

Avan yon kandida rantre nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**, li dwe pran tan li pou li byen li ak konprann **Règleman** yo epi mande eksplikasyon si li jwenn anpil lide ki pa twò klè pou li nan **Estat** a ak **Règleman Entèn** yo.

Atik 19- Respè Ak Aplikasyon Règleman Yo.

Tout manb **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** dwe soumèt ak tout règleman yo epi aplike yo nan tout gwo desizyon ak aktivite **Estrikti** a ap planifye ak egzekite.

Atik 20- Kondisyon Pou Yon Kandidati Aksepte.

Administrasyon an ap aksepte yon kandida, si li reponn ak kritè yo epi si li dakò ak tout règleman yo nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**.

Atik 21- Kritè Pou Yon Kandida Vini Manb.

Men kritè pou yon kandida ranpli avan li vini manb **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ki se:

- kandida a dwe genyen minimòm **Ven (20) Lanne** ak maksimòm **Swasanndis (70) Lanne**.
- kandida a dwe genyen yon **Manb Referans** ki deja fè pati **Estrikti** a pou sa posib.
- kandida a dwe aksepte bay yon montan **\$100.00 us Plan Basic, \$200.00 us Plan Premium, 300.00 us Plan Business** kòm yon **Garanti Depo**.

- kandida a dwe aksepte kotize **\$200.00 us Plan Basic, \$500.00 us Plan Premium, \$1000.00 us Plan Business** minimòm.
- kandida a dwe aksepte kotize chak kantite jou sa yo ki se **Sèt (7) Jou Plan Basic, Kenz (15) Jou Plan Premium, Trant (30) Jou Plan Business** maksimòm.
- kandida a dwe aksepte pou pèman fèt chak kantite jou sa yo ki se **Dis (10) Jou Plan Basic, Diswit (18) Jou Plan Premium, Trant Twa (33) Jou Plan Business** maksimòm.
- kandida a dwe aksepte pa kotize plis ke **\$400.00 us Plan Basic, \$1000.00 us Plan Premium, \$2000.00 us Plan Business** sou non pa li.
- kandida a dwe chwazi youn nan plan sa yo ki se **Plan Basic, Plan Premium, Plan Business**.
- kandida a dwe ranpli **Fòm Enskripsyon** an ak siyen **Deklarasyon Dangajman** an.

Atik 22- Tip Plan.

Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO) genyen Twa (3) Tip Plan ladan li ki se:

- **Tip Plan Basic.**
- **Tip Plan Premium.**
- **Tip Plan Business.**

Atik 23- Kondisyon Pou Plan Basic.

Men kondisyon pou yon **Plan Basic Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ki se:

- kandida a dwe genyen minimòm **Ven (20) Lanne.**
 - kandida a dwe genyen yon **Manb Referans** ki deja fè pati **Estrikti** a pou sa posib.
 - kandida a dwe aksepte bay yon montan **\$100.00 us** kòm yon **Garanti Depo.**
 - kandida a dwe aksepte kotize **\$200.00 us** chak **Sèt (7) Jou** maksimòm.
 - kandida a dwe aksepte pa kotize plis ke **\$400.00 us** chak **Sèt (7) Jou** sou non pa li.
 - kandida a dwe aksepte pou li kotize sou yon peryòd **Desan Dis (210) Jou** maksimòm.
 - kandida a dwe aksepte pou pèman fèt chak **Dis (10) Jou** maksimòm.
 - kandida a dwe aksepte fè chanjman plas chak aprè **Desan Dis (210) Jou** maksimòm.
- kandida a dwe aksepte siyen **Fòm Entegrasyon** an oubyen **Deklarasyon Dangajman** an.

Atik 24- Kondisyon Pou Plan Premium.

Men kondisyon pou yon **Plan Premium Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ki se:

- kandida a dwe genyen minimòm **Vennsenk (25) Lanne.**
- kandida a dwe aksepte bay yon **Pyès Idantite** ki valab.
- kandida a dwe genyen yon **Manb Referans** ki deja fè pati **Estrikti** a pou sa posib.
- kandida a dwe aksepte bay yon montan **\$200.00 us** kòm yon **Garanti Depo.**
- kandida a dwe aksepte kotize **\$500.00 us** chak **Kenz (15) Jou** maksimòm.
- kandida a dwe aksepte pa kotize plis ke **\$1000.00 us** chak **Kenz (15) Jou** sou non pa li.
- kandida a dwe aksepte pou li kotize sou yon peryòd **Twasan (300) Jou** maksimòm.
- kandida a dwe aksepte pou pèman fèt chak **Dizwit (18) Jou** maksimòm.
- kandida a dwe aksepte fè chanjman plas chak aprè **Twasan (300) Jou** maksimòm.
- kandida a dwe aksepte ranpli **Fòm Enskripsyon** an ak siyen **Deklarasyon Dangajman** an.

Atik 25- Kondisyon Pou Plan Business.

Men kondisyon pou yon **Plan Business Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ki se:

- kandida a dwe genyen minimòm **Trant (30) Lanne**.
- kandida a dwe aksepte bay yon **Pyès Idantite** ki valab.
- kandida a dwe genyen yon **Manb Referans** ki deja fè pati **Estrikti** a pou sa posib.
- kandida a dwe aksepte bay yon montan **\$300.00 us** kòm yon **Garanti Depo**.
- kandida a dwe aksepte kotize **\$1000.00 us** chak **Trant (30) Jou** maksimòm.
- kandida a dwe aksepte pa kotize plis ke **\$2000.00 us** chak **Trant (30) Jou** sou non pa li.
- kandida a dwe aksepte pou li kotize sou yon peryòd **Twasan Swasant (360) Jou** maksimòm.
- kandida a dwe aksepte pou pèman fèt chak **Trant Twa (33) Jou** maksimòm.
- kandida a dwe aksepte patisipe nan yon apel **Zoom** chak **Trant (30) Jou** pou yon tiraj.
- kandida a dwe aksepte ranpli **Fòm Enskripsyon** an ak siyen **Deklarasyon Dangajman** an.

Atik 26- Enfòmasyon Kandida Dwe Bay.

Nan moman enskripsyon an, kandida a dwe bay avèk **Administrasyon** an **Twa (3) Tip** enfòmasyon sa yo ki rantr nan kontni fòmilè entegrasyon an ki se:

- Enfòmasyon sou **Kandida** a.
- Enfòmasyon sou **Referans** kandida a.
- Enfòmasyon sou **Benefisyè** kandida a.

Atik 27- Nivo Konfyans Ak Senserite Nan Enfòmasyon.

Si youn nan enfòmasyon sa yo kandida a bay la pa ka verifye, **Administrasyon** an pap otorize entegrasyon kandida a nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**.

Atik 28- Sanksyon Pou Enfòmasyon Ki Fo.

Si yon kandida ta rive bay yon enfòmasyon ki fo avèk **Administrasyon** an pou li kapab rantr nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**, **Administrasyon** an ap retire manb la nan **Estrikti** a aprè tout verifikasyon.

Chapit 3- Avantaj Manb Referans - Dwa - Devwa

Atik 29- Avantaj Referans Kat (4) Moun.

Yon manb ki mete **Kat (4) Moun** pou pi piti nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** epi nouvo manb sa yo kotize pou piti **\$200.00 us, \$500.00 us, \$1000.00 us** chak **Sèt (7) Jou, Kenz (15) Jou, Trant (30) Jou** maksimòm. depi nouvo manb sa yo fini kotize nèt, **Administrasyon** an pap retire pousantaj sou kapital total montan kotizasyon manb referans la. Manb referans la ap jwenn pousantaj sa a nan finisman **Ekonomi Solidarite** a, men fòk manb referans la pa genyen dèt pou **Administrasyon** an.

Atik 30- Avantaj Referans Sis (6) Moun.

Yon manb ki mete **Sis (6) Moun** pou pi piti nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**, epi nouvo manb sa yo kotize pou piti **\$200.00 us, \$500.00 us, \$1000.00 us** chak **Sèt (7) Jou, Kenz (15) Jou, Trant (30) Jou** maksimòm. depi nouvo manb sa yo fini kotize nèt, **Administrasyon** an pap retire pousantaj sou kapital total montan kotizasyon manb referans la. Epi, manb referans la ap genyen **2%** sou kapital total montan kotizasyon li gentan kotize nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**. Manb referans la ap jwenn pousantaj sa a nan finisman **Ekonomi Solidarite** a, men fòk manb referans la pa genyen dèt pou **Administrasyon** an.

Atik 31- Idantifikasyon Ak Enskripsyon Manb.

31.1- Chak manb ki fini enskri epi ki entegre **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ap resevwa yon **Kòd Idantifikasyon** ak yon **Kat Manb**. Kat manb sa a ap pote **Siyati, Non, Nimewo Kòd**, ak **Logo Estrikti** a. Kat sa a ap rete pwopriyete prive **Estrikti** a.

31.2- Rejis **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** yo seojis elektwonik ak tout dokiman enprime tout manb yo ap genyen oubyen konsilte sou sit entènèt **Estrikti** a ki se: **www.hotspot-one.biz**, tout sipò sa yo ap fasilite yon bon jesyon dosye manb **Estrikti** a.

Atik 32 - Chanjman Ak Modifikasyon Nan Fòmilè.

Chak **Youn (1) Lanne, Administrasyon** an ap genyen pou reverifye tout enfòmasyon manb yo. Travay sa a ap fèt nan objektif, si ta genyen yon chanjman nan dosye manb la, pou **Administrasyon** an kapab modifiye dosye elektronik manb la.

Atik 33- Devwa Manb.

Manb **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** yo genyen pou devwa:

- Patisipe nan tout aktivite **Estrikti** a ap antreprann kèlkeswa kote li ap fèt sou tout teritwa a avèk tout manb li yo.
- Mete konpetans ak eksperyans pwofesyonèl ou pou sèvis **Estrikti** a.
- Mete yo disponib, dispoze pou tout aktivite epi reyalize ak sans pwofesyonel epi responsablite.
- Patisipe nan eleksyon pou eli manb nan **Estrikti** a.
- Okipe yon fonksyon nan **Estrikti** a jan **Estati** a ak **Règleman Entèn** yo mande sa.
- Patisipe nan reyinyon **Estrikti** a ak tout desizyon ki ap pran pa mwayen vòt.
- Travay pou fè pwomoyon pou misyon ak objektif **Estrikti** a nan tout kwen peyi a.
- Mete ou disponib chak fwa **Estrikti** a rele oubyen pou ba li yon sèvis kòm resous manb ki kalifye epi konpetan.
- Pa itilize non **Estrikti** a pou rezoud pwoblèm pèsònèl ou.

Atik 34- Dwa Manb.

Manb **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** yo genyen dwa pou:

- Jwenn enfòmasyon ak bay opinyon yo sou tout sa ki konsène aktivite ak desizyon nan **Estrikti** a.
- Pote tèt yo kandida pou okipe yon fonksyon ak “**Eli**” manb nan **Enstans** ki la pou **Adminalist** **Estrikti** a.
- Bay sigjesyon, fè pwopozisyon ak rekòmmandasyon lè genyen reyiniyon **Asanble Jeneral (AJ)** ak **Asanble Jeneral Manb (AJM)**.

Atik 35- Chanjman Adrès Yon Manb.

Si yon manb ta chanje adrès pou ale viv nan yon lòt teritwa, manb la dwe toujou rete atache epi respekte **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** tankou:

- Respekte règleman estatitè.
- Veye sou bon mach **Estrikti** a.
- Kontribiye nan tout aktivite yo.

- Kotize chak fwa dat kotizasyon an rive.
- Patisipe nan tout aktivite yo.
- Atache ak filozofi, vizyon ak misyon **Estrikti** a elatriye.

Atik 36- Respè Pou Desizyon Komite.

Tout manb dwe respekte desizyon **Komite Estrikti** a pran depi desizyon sa pa kontrè ak filozofi, misyon epi vizyon **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ap defann.

Atik 37- Reprimand Manb.

Si yon manb pa respekte prensip **Estatitè** ak **Règleman Entèn Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**, **Administrasyon** an ap genyen pou reprimande, blame manb la nan fòm ki apwopriye pou sa.

Chapit 4 - Sanksyon - Radyasyon

Atik 38- Tip Sanksyon.

Men tout sanksyon yon manb ki vyole **Estatè** a ak **Règleman Entèn** yo kapab sibi:

- Avètisman.
- Blam.
- Retrè.
- Entèdisksyon pou okipe yon pòs responsab.
- Radyasyon.

Atik 39- Motif Pou Radyasyon.

Yon Manb kapab radye nèt anndan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** pou rezon sa yo:

- Vyolasyon **Estatè** ak **Règleman Entèn Estrikti** a
- Ka vyolasyon ki repete aprè yon sanskyon.
- Movèz jesyon ak itilzasyon byen **Estrikti** a.
- Eskonbrit, kakosal, eksè langaj ak zak imoral ki kapab sal imaj **Estrikti** a.
- Kondanasyon ak yon pèn lajistis ki retire dwa sivil ak politik manb la.
- Diskriminasyon egzèsè kont yon lòt manb.
- Pasivite, silans ak inaktivite san yon motif valab pou jistiye sa nan pòs elektif yo.

Atik 40-Tip Radyasyon.

Radyasyon an kapab pou yon ti tan epi li kapab pou tout tan. Li pou yon ti tan se lè manb la kapab retounen entegre **Estrikti** a ankò. Li definitiv se lè manb la radye nèt, sa vle di li san okenn posiblite pou entegre **Estrikti** a yon lòt fwa ankò.

Atik 41- Pwosedi Pou Radyasyon.

Desizyon pou radye yon manb ap fèt nan yon **Asanble Jeneral Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJ-ESHO)** **Òdinè** oubyen **Ekstrawòdinè** pa mwayen yon vòt ki fèt ak men leve nan majorite

manb ki prezan yo. Desizyon sa ap kore ak yon lèt ki ap rive jwenn manb la ki genyen yon delè **Twa (3) Jou**, aprè li fin resevwa lèt la pou li retounen **Kat Manb** la ak tout **Materyèl** epi **Ekipman** si li te genyen nan men li.

Atik 42- Rejistrasyon Ak Sivati.

Desizyon **Asanble Jeneral Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJ-ESHO)** Òdinè oubyen **Ekkstrawodinè** a ap fòmalize nan yon **Pwosè Vèbal** ki ap rantre nan rejis espesyal **Estrikti** a. Dokiman sa a ap konsève nan biwo **Estrikti** a epi li ap siyen pa **Prezidan Komite** a.

Atik 43- Sòti Manb La Nèt.

Si yon manb pa ta respekte prensip **Estat** a epi **Règleman Entèn Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** nan repete dezobeyisans nan prensip, atik yo ankò, Ebyen fwa sa manb la ap radye nèt san okenn reklamasyon aprè peryòd kotizasyon an.

Atik 44- Sou Disponiblite Manb.

Kèlkeswa manb ki fè pati **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** dwe disponib epi dispoze pou patisipe nan tout desizyon enpòtan ki ap pran nan yon reyinyon **Asanble Jeneral (AJ)** oubyen **Asanble Jeneral Manb (AJM)** pou bon mach **Estrikti** a. Kidonk **Estrikti** a ap konsidere absans manb li sèlman nan ka yon fòs majè oubyen yon ka enprevi.

Atik 45- Relasyon Sentimantal Ak Eskandal.

Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO) kont tout fòm **Eskonbrit Santimantal, Kakosal Vèbal, Kakosal Ekri ant De (2) Manb nan Estrikti** a ki kapab deranje klima pou manb yo jwi trankilite despri yo.

Atik 46- Respè Vi Prive Manb.

46.1- Si ta genyen **De (2) Manb** nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ta deside rantre nan yon relasyon santimantal, sa pap angaje **Estrikti** a.

46.2- Nenpòt manb nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ki ta rantre an kontak ak yon lòt manb nan **Estrikti** a an prive, kèlkeswa bagay yo ta antann yo sou li, li pap angaje **Estrikti** a sou yon fòm oubyen sou yon lòt.

Atik 47- Non Ak Diskriminasyon.

Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO) kont tout fòm diskriminasyon ki chita sou ras, koulè, kilti, relijyon, konesans, andikap, kote ou fèt, lang yon manb pale, oriantasyon seksyèl. Nan sans sa a, tout manb se manb epi yo genyen menm valè.

Atik 48- Entèdiksyon Tout Fòm Diskriminasyon.

Tout tèm ki site nan **Atik 47** la sou divès fòm diskriminasyon sa yo, **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** entèdi yo ak kèlkeswa manb la, pou ta pratike yo kont yon lòt manb oubyen pou sèvi ak yo pou fawouche yon lòt manb nan **Estrikti** a menm an jwèt.

Atik 49- Sanksyon Tout Fòm Diskriminasyon.

Si yon manb nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** pa ta rive respekte jan sa di nan **Atik 47** ak **Atik 48** la, **Administrasyon** an ap genyen pou reprimande, blame manb la nan fòm ki apwopriye pou sa.

Atik 50- Radyasyon Tout Fòm Diskriminasyon.

Si menm manb la ta poze menm pwoblèm sa ankò, ebyen lè sa a, **Administrasyon** an ap radye manb la nèt nan **Estrikti** a.

Chapit 5 - Kotizasyon - Sanksyon - Penalite - Taks

Atik 51- Frekans Kotizasyon.

Kotizasyon **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** se chak **Sèt (7) Jou, Kenz (15) Jou, Trant (30) Jou** maksimòm yo ye. Kidonk chak Samdi, Men yon manb kapab deside pou rezon pa li kotize plizyè semèn alafwa.

Atik 52- Montan Kotizasyon.

Chak **Sèt (7) Jou, Kenz (15) Jou, Trant (30) Jou** maksimòm yon manb **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** dwe kotize montan sa yo ki se **\$200.00 us, \$500.00 us, \$1000.00 us**. Sepandan chak vèsman ak kantite jou sa yo genyen plan pa yo, men montan kotizasyon sa a kapab plis selon kapasite manb la genyen. Kidonk yon manb kapab kotize tou montan kotizasyon li a mwaye ak yon lòt manb depi li jwenn yon antant sou sa avèk **Administrasyon** an.

Atik 53- Montan Garanti Depo.

Kèlkeswa moun ki ap antre nan **Estrikti** a, li dwe kotize yon montan **\$100.00 us, 200.00 us, 300.00 us** kòm yon **Garanti Depo** tou depan plan li chwazi a. Sepandan, montan sa a se pa yon **Fon Pèdi** li ye. Manb la ap genyen aksè ak montan sa a sèlman si yon manb ap pran yon poz pou yon ti tan oubyen manb la ap kite **Estrikti** a. Men, fòk manb la pa genyen dèt pou **Administrasyon** an. Si menm manb la ap retounen nan **Estrikti** a yon lòtwa ankò, manb la dwe kotize youn nan montan sa yo ankò.

Atik 54- Penalite Sou Delè Kotizasyon.

54.1- Yon manb pa genyen dwa depase **Twa (3) Jou** aprè dat li te dwe kotize a. Si sa ta rive, manb la ap genyen yon **Penalite 3%** pou **Frè Reta** sou kotizasyon li te dwe vèse pou plan pa li a.

54.2- Yon manb pa genyen dwa depase **De (2) Dat Kotizasyon** san li pa kotize, kèlkeswa plan manb la genyen an. Si sa ta rive, **Administrasyon** an ap konsidere manb la abandone. Lè sa a, manb la dwe kotize pou **“Tout Montan Kotizasyon”** li dwe yo ak tout **Frè Reta** yo pou manb la kapab kontinye kotize nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**.

Atik 55- Sankssyon Pou Manb Ki Abandone.

55.1- Si yon manb kòmanse kotize **Ekonomi Solidarite** li, pou yon rezon oubyen pou yon lòt manb la pa chwazi kontinye kotize pou rès dat yo, Ebyen lè sa a, manb la pap genyen aksè avèk montan kotizasyon li te deja kotize yo.

55.2- Si se yon manb ki poko resevwa kapital total montan kotizasyon pa li a, **Administrasyon** an ap jere sa jiskaske dat pa manb la rive. Kidonk, **Administrasyon** an ap retire tout reta taks yo ak tout rès montan kotizasyon ki rete yo epi nan finisman **Ekonomi Solidarite** a, **Administrasyon** an ap retire manb la nan **Estrikti** a.

55.3- Si se yon manb ki gentan resevwa kapital total montan kotizasyon pa li a deja, lè sa a, se manb referans la ki ap responsab pou li jere tout rès montan kotizasyon ki rete yo, ak tout penalite reta yo epi ak dèt manb la poko kotize yo.

55.4- Si se manb referans la ki poko resevwa kapital total montan kotizasyon pa li a, se **Administrasyon** an ki ap jere sa jiskaske dat pa manb referans la rive. Kidonk, **Administrasyon** an ap retire tout rès montan kotizasyon ki rete yo, ak tout penalite reta yo epi ak dèt manb la poko kotize yo. Sepandan, nan finisman **Ekonomi Solidarite** a, **Administrasyon** an ap retire manb la nan **Estrikti** a malgre manb referans la kotize pou li.

55.5- Si manb referans la resevwa kapital total montan kotizasyon pa li a deja epi li pa pran chaj manb li te refere a, lè sa a, **Administrasyon** an ap retire manb referans la ak tout manb la nan finisman **Ekonomi Solidarite** a epi fè suivi nesesè yo.

Atik 56- Kondisyon Pou Yon Manb Genyen Aksè.

Pou yon manb genyen aksè ak kapital total montan kotizasyon **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** li dwe:

- Tann **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** a fini nèt.
- **Administrasyon** an retire (**25%**) nan katipal total montan kotizasyon manb la te gentan kotize a, kòm yon frè administratif.

Atik 57- Mwayen Pou Yon Manb Jwenn Total Montan Kotizasyon.

Se **Twa (3) Jou** aprè dat manb la dwe kotize nan **Ekonomi Solidarite** a manb la ap jwenn kapital total montan kotizasyon li, men se pa mwayen **Platfòm Elektwonik** sa yo:

- **Zelle, Paypal, CashApp, Western Union, Cam, Money Gram** elatriye. **Administrasyon** pa responsab peye okenn frè sou **Platfòm Elektwonik** ki peye yo sa ap sou kont manb la.
- Si se “**Cash**” manb la dwe ranpli yon **Fòm Elektwonik** pou sa epi manb la ap jwenn kapital total montan kotizasyon li a yon sèl kou.
- Men si se sou Platfòm Elektwonik ki pa peye yo, se tranch pa tranch manb la ap ka jwenn kapital total montan kotizasyon li a, jiskaske li fini jwenn li nèt. Sinon manb ap resevwa 1% kòm yon frè reta sou kapital total montan kotizasyon li te dwe resevwa.
- Tanpri souple kèlkeswa yon dèt pèsònèl yon manb genyen pou yon lòt manb pa pote li nan **Estrikti** a sou kèlkeswa fòm li ye a, paske sa pa angaje **Estrikti** a.

Atik 58- Taks Sou Total Montan Kotizasyon.

Chak lè yon manb ap resevwa kapital total montan kotizasyon pa li a, **Administrasyon** an ap retire **1%, 3% jiska 5%** taks sou kapital total montan kotizasyon li a selon plas manb la. Taks sa a ap sèvi kòm yon don pou ranfòsman **Enstitiyonèl** ak **Ranbousman Dèt**.

Atik 59- Kondisyon Taks Plan Basic.

Men kondisyon taks yo pou yon manb **Plan Basic Ekonomik Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**:

- Sòti **01 plas** pou rive nan **10 plas**, **Administrasyon** an ap retire **5%** nan montan.
- Sòti **11 plas** pou rive nan **20 plas**, **Administrasyon** an ap retire **3%** nan montan.
- Sòti **21 plas** pou rive nan **30 plas**, **Administrasyon** an ap retire **1%** nan montan.

Atik 60- Kondisyon Taks Plan Premium.

Men kondisyon taks yo pou yon manb **Plan Premium Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**:

- Sòti **01 plas** pou rive nan **06 plas**, **Administrasyon** an ap retire **5%** nan montan.
- Sòti **07 plas** pou rive nan **13 plas**, **Administrasyon** an ap retire **3%** nan montan.
- Sòti **14 plas** pou rive nan **20 plas**, **Administrasyon** an ap retire **1%** nan montan.

Atik 61- Kondisyon Taks Plan Business.

Men kondisyon taks yo pou yon manb **Plan Business Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**:

- Sòti **01 plas** pou rive nan **04 plas**, **Administrasyon** an ap retire **5%** nan montan.
- Sòti **05 plas** pou rive nan **08 plas**, **Administrasyon** an ap retire **3%** nan montan.
- Sòti **09 plas** pou rive nan **12 plas**, **Administrasyon** an ap retire **1%** nan montan.

Atik 62- Prèv Pèman Kotizasyon.

Kèlkeswa manb la dwe pataje foto tranzaksyon an avèk **KOJESO** chak fwa genyen yon tranzaksyon ki fèt pou yon doub verifikasyon. Sepandan, yon manb kapab kotize pou yon lòt manb men nan ka sa, manb la dwe pataje foto tranzaksyon an ki genyen non konplè manb li fè tranzaksyon an pou li a ladan li. Sinon **KOJESO** ap konsidere manb la pa kotize.

Atik 63- Kondisyon Pou Resevwa Montan Kotizasyon Yon Lòt Manb.

Yon lòt manb oubyen lòt moun kapab resevwa katipal total montan kotizasyon manb la pou li ak kondisyon manb la dwe bay otorizasyon li avèk **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)**. Nan ka kontrè, kapital total kotizasyon manb la ap rete nan kès **KOJESO** jiskaske manb la disponib. Si toufwa manb la pap viv ankò, ebyen lè sa se moun kontak ijans manb la ki ap resevwa kapital total montan kotizasyon manb la. Sepandan, **KOJESO** ap tou retire tout **Rès Kòb** pou lòt dat **Kotizasyon** ki rete yo ak **Penalite 3% Reta** yo si genyen.

Atik 64- Montan Kotizasyon Manb.

Montan kotizasyon manb yo pa pou **Okenn Manb** a tit pèsònèl, Lè **KOJESO** mete yo ansanm, yo tout tounen **Fon Estrikti** a ki ap ajì anba chapo yon **Pèsòn Moral**.

Chapit 6- Administrasyon Estriti ESHO

Atik 65- Diferan Ògàn Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO).

Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO) genyen **De (2) Ògàn** ki ap administre li ki se:

- **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO).**

➤ **Asanble Jeneral Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJ-ESHO).**

Atik 66- Konpozisyon Komite.

Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO) ap jere pa mwayen yon **Komite** ki genyen non **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)**. Epi ki ap administre ak yon **Komite** ki genyen **Senk (5) Manb** ladan li ki se:

- **Prezidan.**
- **Sekretè Jeneral.**
- **Responsab Trezò.**
- **Pòt Pawòl.**
- **Konseye Jeneral.**

Atik 67- Fonksyon Manb Komite.

A- Prezidan.

- Konvoke reyinyon pou planifye aktivite anyèl ak bidjè **Estrikti** a.
- Anime reyinyon **KOJESO** ak delibere sou desizyon **Komite** a ap pran.
- Otorize depans sou lajan manb **Estrikti** a.
- Otorize entegrasyon nouvo manb nan **Estrikti** a.
- Siyen pwosè vèbal reyinyon ak tout dosye administrasyon **KOJESO**.

B- Sekretè Jeneral.

- Asiste **Prezidan** an nan reyinyon li yo kòm manb ki ap distribye la pawòl.
- Redije pwosè vèbal reyinyon **Òdinè** oubyen **Ekstrawodinè** yo.
- Resevwa dosye nouvo manb ak kominike yo bay **Prezidan** an.
- Fè mesaj rapèl pou tout manb yo epi sou dwa kotizasyon yo.
- Konsève tout achiv **KOJESO** a genyen.
- Siyen avèk **Prezidan** an pwosè vèbal reyinyon **Òdinè** oubyen **Ekstrawodinè** yo ak tout dosye administratif **KOJESO**.

C- Responsab Trezò.

- Prepare bidjè depans mansyèl oubyen anyèl **Estrikti** a.
- Prepare kalandriye kotizasyon avèk kalandriye pèman manb **Estrikti** a.
- Resevwa montan kotizasyon don manb **Estrikti** a.
- Dedwi taks obligatwa ak penalite sou reta pèman kotizasyon manb **Estrikti** a.
- Prezante rapò kotizasyon mansyèl manb yo ak rapò depans anyèl **Estrikti** a.
- Siyen avèk **Prezidan** an rapò depans mansyèl ak anyèl **Estrikti** a.

D- Pòt Pawòl.

- Reprèzante **Prezidan** an ak **Sekretè Jeneral** la pou pote mesaj nan bouch oubyen ekri.
- Asiste **Sekretè Jeneral** la nan divès fòm kominikasyon li yo.
- Pran la pawòl piblik nan non **KOJESO**.
- Dirije la pawòl tankou mèt seremoni lè genyen reyinyon anyèl **Estrikti** a.

E- Konseye Jeneral

- Bay konsèy sou tout desizyon **KOJESO** ap pran nan non **Estrikti** a.
- Veye sou bon jesyon **KOJESO** epi fè rekòmandasyon sou fay li wè ki genyen.
- Jwe wòl abit lè genyen bouch louvri nan mitan manb **KOJESO** yo ak rès manb **Estrikti** a.

Atik 68- Atribisyon Manb Komite.

Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO) genyen pou atribisyon:

- Planifye kalandriye kotizasyon ak kalandriye pèman pandan peryòd yo
- Elabore bidjè mansyèl ak anyèl **Estrikti** a pa mwayen kotizasyon manb yo.
- Distribiye montan kotizasyon chak fwa yon manb rive nan dat li a.
- Distribiye kalandriye kotizasyon ak kalandriye pèman avèk tout manb yo
- Retire penalite lè genyen reta ak dedwi taks pou ranfòsman enstitisyonèl.
- Planifye ak pwograme gwo desizyon estratejik **Estrikti** a.
- veye sou bon fonksyonman **Estrikti** a pa rapò ak **Estati** a epi **Règleman Entèn** yo.
- Resevwa dosye kandida ak evalyasyon yo pou entegre nan **Estrikti** a.
- Resevwa kont randi, sigjesyon ak rekòmandasyon manb **Estrikti** a.
- Nome manb nan **Komisyon** si sa nesèsè ak lòt manb nan **Estrikti** a lè genyen pòs ki vid.
- Aplike disiplin ak sanksyon sou tout manb ki fotif nan **Estrikti** a.
- Amande **Règleman Entèn Estrikti** a sou demand mojanite manb yo.

Atik 69- Konpozisyon Asanble Jeneral (AJ).

Asanble Jeneral Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJ-ESHO) fòm ak **Manb Kategori Manb Fondatè (Board)** sou delegasyon **Komite** ki reprezante yo a ki se **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ki genyen **Senk (5) Manb** ladan li.

Atik 70- Nati Asanble Jeneral (AJ).

Asanble Jeneral Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJ-ESHO) kapab yon **Asanble Òdinè** oubyen **Ekstrawòdinè**. Li se yon **Asanble Jeneral Òdinè** se le li reyalize nan dat **Estati** a prevwa pou li fèt la ki se chak **Youn (1) Mwa**, nan dènye vandredi mwa a. Epi li se yon **Asanble Jeneral Ekstrawòdinè** se lè sa fèt selon yon sikonstans ki pa rantre nan frekams **Estati** a te prevwa pou sa fèt.

Atik 71- Kota Vòt Nan Asanble Jeneral (AJ) Lè Manb Yo Enpè.

Lè manb yo enpè nan **Asanble Jeneral Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJ-ESHO)**, depi yo rive jwenn **kota 50%+1** an, vòt la ap posib. Men **Manb Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ki ap jwe wòl moderatè a ap kapab vote.

Atik 72- Kota Vòt Nan Asanble Jeneral (AJ) Lè Manb Yo Pè.

Lè manb yo pè nan **Asanble Jeneral Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJ-ESHO)**, depi yo rive jwenn **kota 50%+1** an, vòt la ap toujou posib. Men **Manb Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ki ap jwe wòl moderatè a pap kapab vote.

Atik 73- Kota Vòt Nan Asanble Jeneral (AJ) Òdinè Oubyen Ekstrawòdinè.

Kota vòt nan **Asanble Jeneral Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJ-ESHO)** kit se **Òdinè** oubyen **Ekstrawòdinè** pa chanje, li ap rete **50%+1** an.

Atik 74- Frekans Revinyon ak Mòd Konvokasyon.

74.1- Revinyon **Asanble Jeneral Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJ-ESHO)** ap fèt chak **Youn (1) Mwa**, nan dènye vandredi mwa a, men se sou konvokasyon **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)**.

74.2- Motif konvokasyon an ak **Òd Di Jou** a dwe rive jwenn pati ki konvoke a **Swasanndouz (72) èd Tan** davans pou li kapab prepare li an konsekans kit se yon **Asanble Jeneral Òdinè**.

Atik 75- Atribisyon Asanble Jeneral (AJ) Òdinè.

Asanble Jeneral Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJ-ESHO) Òdinè a genyen pou atribisyon:

- Apwouve plan travay ak pwogramasyon **Estrikti** a.
- Apwouve bidjè anyèl fonksyonnamn **Estrikti** a.
- Prezante bilan travay ki reyalize selon plan travay ak bidje ki te apwouve yo.
- Diskite ak pwopoze amandman sou kèk atik nan **Estati** oubyen **Règleman Entèn** yo.
- Diskite sou meyè estrateji pou fè **Estrikti** a byen fonksyone.
- Deside sou ka manb ki vyole **Estati** ak **Règleman Entèn Estrikti** a.
- Pwopoze plan aktivite pou fè manb **Estrikti** a patisipe,
- debat sou tout rapò **KOJESO** ap prezante.
- Pran ak vote desizyon sou ka ak sitiasyon ki mande mezi adminsitativ estratejik ak korektiv.
- Diskite sou kesyon enterè jeneral.

Atik 76- Atribisyon Asanble Jeneral (AJ) Ekstrawòdinè.

Atribisyon **Asanble Jeneral Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJ-ESHO) Ekstrawòdinè** ap defini selon motif konvokasyon an. Li ap prezante an detay sou ki kesyon li ap estatiye.

Atik 77- Dewoulman Asanble Jeneral (AJ).

Asanble Jeneral Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJ-ESHO) ap preside pa **Prezidan Komie** a, **Pòt Pawòl** la ap jwe wòl moderate, **Sekretè Jeneral** la ap pran nòt ak dokimante tout desizyon ki ap pran anndan yon pwosè vèbal oubyen yon kont randi desizyon. Dokiman sa yo ap konseve nan yon rejis espesyal nan biwo **Estrikti** a.

Atik 78- Konpozisyon Asanble Jeneral Manb (AJM).

Asanble Jeneral Manb Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJM-ESHO) se **Asanble** kote tout manb **Estrikti** a ap rankontre. Li konpoze ak **Twa (3) kategori Manb** ki se:

- **kategori Manb Fondatè (Board).**
- **kategori Manb Aderan (Team).**
- **kategori Manb byenfetè (Staff).**

Atik 79- Frekans Revinyon Ak Mòd Konvokasyon.

79.1- Reyinyon **Asanble Jeneral Manb Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJM-ESHO)** ap fèt chak fwa **Peryòd kotizasyon An Fini Nèt**, men se nan dènye vanderdi mwa **Peryòd** la fini an sa dwe fèt, sepandan se sou konvokasyon **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)**.

79.2- Motif konvokasyon an ak **Òd Di Jou** a dwe rive jwenn manb yo **Swasanndouz (72) èd Tan** davans pou yo kapab byen dispoze pou sa.

Atik 80- Atribisyon Asanble Jeneral Manb (AJM).

Reyinyon **Asanble Jeneral Manb Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJM-ESHO)** genyen pou atribisyon:

- Prezante yo sitiyasyon jeneral fonksyonman **Estrikti** a.
- Prezante yo rapò detaye sou tout aktivite ki reyalize nan **Estrikti** a.
- Prezante yo bilan sou resèt ak depans **Estrikti** a.
- Prezante nouvel mezi ki pran ak desizyon **Administrativ** sou manb ki anba sanksyon nan **Estrikti** a.
- Prezante tout dokiman **Administratif Estrikti** a, ak nouvo dokiman amandman ki pote (si genyen).
- Prezante yo nouvo **Komite** a ak tout lòt manb ki nome nan **Komisyon** yo (si genyen).
- Resevwa doleyans manb yo sou tout sa ki pa ale byen nan fason **Estrikti** a ap jere epi administre.
- Resevwa pwopozisyon, sijesyon ak rekòmandasyon manb yo ki kapab ede **Estrikti** a mache pi byen.
- Sansibilize yo sou kesyon patispasyon nan dat chak kotizasyon yon manb ak montan kotizasyon don manb yo nan **Estrikti** a.
- Vote gwo desizyon ki ap soti nan **Asanble Jeneral Manb (AJM)**.

Atik 81- Dewoulman Asanble Jeneral Manb (AJM).

Asanble Jeneral Manb Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJM-ESHO) ap preside pa **Prezidan Komite** a, **Pòt Pawòl** la ap jwe wòl moderate, **Sekretè Jeneral** la ap pran nòt ak dokimante tout desizyon ki ap pran anndan yon pwosè vèbal oubyen yon kont randi desizyon. Dokiman sa yo ap konseve nan yon rejis espesyal nan biwo **Estrikti** a.

Atik 82- Kota Vòt Nan Asanble Jeneral Manb (AJM)

82.1- Desizyon ki ap soti nan **Asanble Jeneral Manb Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJM-ESHO)** ap fèt pa mwayen yon vòt inanim Swa **Wi** oubyen **Non** ki chita sou prensip majorite manb ki prezan yo.

82.2- Vòt pa pwokirasyon otorize pou sa rive fèt, manb ki pap kapab prezan nan **Asanble Jeneral Manb Estrikti** a, yo ap voye yon lèt bay **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)**. kote li ap bay tout enfòmasyon sou manb li bay delegasyon pou vote pou li a.

Atik 83- Demisyon Volontè Ak Pwosedi.

Si yon manb nan yon pòs elektif oubyen nominasyon pou yon rezon kèlkonk ta deside demsiyone nan **Estrikti** a pou pwòp rezon pa li epi san yo pa ni fòse li ni mande li demsiyone, li genyen yon fason pou li fè sa.

- Tou dabò, manb la dwe konsilte **Manb Referans** ki te pèmèt li entegre **Estrikti** a pou li diskite avèk li sou sa.
- Apre sa, manb la ap genyen pou li konsilte **KOJESO** ki te bay otorizasyon pou li vini manb nan **Estrikti** a epi diskite sou motif ak kontrent li genyen ki fè li oblije demsiyone.
- Se apre manb la fini konsilte epi diskite ak **Manb** sa yo, Manb la ap genyen posiblite pou ekri lèt demisyon li a ki ap adrese ak **KOJESO**.
- Pwosedi sa valab pou tout lòt manb yo ki ap demsiyone nan **Estrikti** a.

- Pou manb **KOJESO** yo fòk li remèt tout dosye, **Materyèl ak Ekipman Estrikti** a ki te nan men li yo epi bay yon ti tan pou pèmèt lòt manb ki ap ranplase li a genyen konesans sou dosye li te trete yo epi genyen achiv sa yo pou travay la kapab kontinye.

Chapit 7- Eleksyon - Estrikti ESHO

Atik 84- Eleksyon Pou Manb Pòs Elektif.

84.1- Eleksyon pou manb **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ki nan pòs elektif yo dwe fèt obligatwaman chak **Douze (12) Mwa**, sa vle di chak **Youn (1) Lanne**. Sepandan, sa ap fèt **Premye Vandredi** nan **Mwa Desanm** nan lanne a eleksyon an dwe fèt.

84.2- Nouvo manb “Eli” yo ap ofisyèlman enstale nan pòs yo nan **premye Vandredi** Nan **Mwa Janvyè** nan lòt lanne ki ap genyen pou vini an. Kèlkeswa dat manb “Eli” a ta rantre ofisyèlman nan pòs li, ebyen **Manda Manb “Eli”** a ap genyen pou fini nan **Premye Vandredi** nan **Mwa Janvyè** nan lòt lanne ki ap vini an.

Atik 85- Dispozisyon Espesyal Pou Komite.

85.1- Sitoutfwa pou yon rezon oubyen pou yon lòt pa ta genyen eleksyon nan dat ki prevwa pou enstale nouvo manb “Eli” yo nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**, **Manb Fondatè** yo ap fè chwa kèk manb nan mitan yo avèk kèk manb nan **Estrikti** a ki konpetan, disponib, epi ki genyen bon volonte pou administre **Estrikti** a sou yon peryòd **Youn (1) Lanne**. Nan peryòd sa manb yo kapab chanje nan pòs yo epi peryòd la kapab pi long si **Manb Fondatè** yo pa rive jwenn manb ki disponib ak manb ki konpetan pou pran responsablite sa.

85.2- Manb Fondatè yo ap toujou la pou fè travay ki rantre nan atribisyon li pou kenbe **Estrikti** a vivan, epi li kapab kreye tou lòt **Estrikti** ak lòt ankò pou ede li atenn objektif li fikse.

Atik 86- Chwa Manb Komite.

86.1- Chwa manb pou monte **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ap fèt pa mwayen vòt inanim swa **Wi** oubyen **Non** pou tout **Manb Fondatè** yo pou diferan pòs ki genyen nan **Komite** a. Sepandan kèk manb nan **Estrikti** a kapab pote yo kandida volontè oubyen **Manb Fondatè** yo fè chwa kèk manb nan **Estrikti** a pou yo kandida sou baz eksperyans ak konpetans yo genyen.

86.2- Nan ka yon deziyasyon pou yon pòs, depi tout **Manb Fondatè** dakò pap genyen vòt se sèlman aklamasyon ki ap genyen. Nan ka genyen **Manb Fondatè** ki dakò ak lòt **Manb Fondatè** ki pa dakò, se pa mwayen yon vòt nan mitan **Manb Fondatè** yo kandida a ap rive genyen pòs la, Se toujou vwa majorite a ki ap pase.

Atik 87- Dire Manda Manb Komite.

Dire manda manb **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** se **Youn (1) Lanne** renouvlab li ye. Manb **Komite** yo kapab chanje tou si manb **Estrikti** a pa satisfè travay yo fè oubyen si yo te genyen vye konpòtman ki pa te fè rèz manb **Estrikti** a plezi.

Atik 88- Modalite Revinyon.

Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO) ap genyen pou li reyini chak fwa genyen yon manb nan dat pa li a ki ap resevwa katital total montan kotizasyon li. Konvokasyon sa a ap fèt **Karantuit (48) èd Tan** davans. Men pou sa ki konsène nan ka ijan yo, reyinyon sa a kapab fèt nenpòt lè sou

konvokasyon **Prezidan KOJESO**. Dire reyinyon sa yo ak objektif yo ap presize nan nòt konvokasyon an.

Chapit 8- Medyasyon Estrikti ESHO

Atik 89- Medyasyon Komite.

Si genyen yon pwoblèm ant plizyè manb nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**, se **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ki la pou tande manb sa yo, Kidonk pou **KOJESO** rive tranche sou yon bouch louvri, li ap monte yon **Komisyon** ki rele **Komisyon Konsilyasyon**, pou yo jwenn yon solisyon ak pwoblèm nan.

Atik 90- Chire Pit Pami Manb Fondatè.

Si se **Manb Fondatè** yo ki genyen chire pit la ant yo menm, Ebyen lè sa se rès lòt **Manb Fondatè** yo ki ap pran responsablite sa dirèkteman oubyen **Papa Lide** a pou jwenn yon solisyon ak pwoblèm nan.

Atik 91- Komisyon Konsilyasyon.

Komisyon konsilyasyon an ap monte ak **Twa (3) Manb** ki ap defini metòd pou rezoud konfli a. Desizyon **Komisyon Konsilyasyon** an pa kapab kase nan ka kote manb ki nan chire pit yo ta refize koube anba rekomandasyon li fè a. Sèl opsyon yo genyen se pran vwa lajistis, depi koze a rive la, manb ki nan bouch louvri yo ap tonbe anba sanksyon radyasyon.

Atik 92- Desizyon Sou Konfli.

epi pa genyen posiblite pou rezoud chire pit la ant manb yo, desizyon ki ap pran an se radye manb la nèt nan **Estrikti** a. Desizyon sa a ki ap pwononse nan **Asanble Jeneral Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJ-ESHO)** ap anrejistre nan achiv **Estrikti** a epi li ap pote tou yon kote **Siyati Komisyon Konsilyasyon** ak manb ki genyen bouch louvre yo.

Chapit 9- Jesyon Byen Materyèl - Ekipman - Sanksyon

Atik 93- Materyèl Ak Ekipman.

Tout **Materyèl** ak **Ekipman Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** se byen prive li. Pa genyen okenn manb ki otorize pou sèvi ak **Materyèl** epi **Ekipman** sa yo komsa se te byen pèsònèl yo.

Atik 94- Dwa Pou Itilize Materyèl Ak Ekipman.

Sèlman **Kategori Manb Fondatè (Board)** ak **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ki genyen dwa pou itilize tout **Materyèl** ak **Ekipman Estrikti** a sof anka ijans yon lòt manb ap kapab itilize **Materyèl** ak **Ekipman Estrikti** a men fòk manb la jwenn otorizasyon pou sa posib nan men **KOJESO**.

Atik 95- Entèdiksyon Sou Materyèl Ak Ekipman.

Nenpòt manb nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ki genyen yon **Materyèl** ak **Ekipman** oubyen plizyè **Materyèl** ak **Ekipman Estrikti** a nan men li, manb la pa genyen dwa:

Vann Li, Fè Kado Li, Prete Li, Twoke Li, Pran Li, Kraze Li, Boule Li, Ni Mete Li Nan Plàn/Brikabrak Elatriye.

Atik 96- Sanksyon Sou Movèz Itilizasyon Materyèl Ak Ekipman.

Si toutfwa yon manb nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ta vyole sa **Atik 95** la di a, men ki sanksyon ki ap tann li: Manb la pap kapab itilize **Materyèl** ak **Ekipman Estrikti** a pandan **Trant (30) Jou**. Manb la dwe remèt **Materyèl** ak **Ekipman** yo nan yon dat ki pa dwe depase **Trant (30) Jou**. Si tan yo bay manb la pou remèt **Materyèl** ak **Ekipman** yo pa respekte **Estrikti** a ap oblije trennen manb la **Lajistis**. Aprè lajistis fini tranche kòz la, **Estrikti** a ap aplike sanksyon pa li selon **Estati** a sou manb la.

Atik 97- Sanksyon Aprè Peryòd Trant (30) Jou.

Menm si manb la ta remèt **Materyèl** la oubyen **Ekipman** an avan **Trant (30) Jou** a, malgre sa, manb la pap kapab itilize **Materyèl** ak **Ekipman Estrikti** a pandan **Katrevendis (90) Jou**.

Atik 98- Sanksyon Pou Repetisyon Vyolasyon Atik 95.

Si menm manb la ta vyole **Atik 95** la yon lòt fwa ankò, manb la ap genyen **Kenz (15) Jou** kounye a pou li remèt **Materyèl** ak **Ekipman** an. Sinon **Estrikti** a an ap oblije trennen manb la **Lajistis**.

Atik 99- Sanksyon Aprè Peryòd Kenz (15) Jou.

Menm si manb la ta remèt **Materyèl** ak **Ekipman** an avan **Kenz (15) Jou** a, malgre sa, manb la pap janm kapab itilize **Materyèl** ak **Ekipman Estrikti** a ankò. Kidonk, **KOJESO** ap oblije ranplase manb la definitivman jan sa dwe fèt.

Atik 100- Retou Materyèl ak Sanksyon Pou Refi.

100.1- Kèlkeswa manb ki pa nan **Kategori Manb Fondatè (Board)** ak **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ankò epi ak tout lòt **Kategori Manb** yo, kidonk, manb la dwe remèt tout **Materyèl** ak **Ekipman** ki nan men li. Si li refize fè sa, **Estrikti** a ap oblije trennen ansyen manb sa a devan **Lajistis** pou li kapab resevwa **Materyèl** ak **Ekipman** yo nan men li.

100.2- **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ap fè envantè tout resous **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** genyen an espès epi an nati chak mwa.

Chapit 10 - Dispozisyon Final - Mezi Espesyal Estati

Atik 101- Retrè Manb.

Si genyen yon manb pou yon rezon oubyen pou yon lòt ki vle pran yon poz oubyen ki vle kite **Estrikti** a, sa ap posib men fòk manb la fini kotize nèt. Lè sa a, manb la dwe fè **Administrasyon** an konnen sa ki se manb **Komite** a **Trant (30) Jou** alavans avan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** an fini nèt. Men fòk manb la pa genyen dèt pou **Administrasyon** an.

Atik 102- Retou Manb.

Pou yon manb retounen nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**:

- Manb la dwe kontakte dabò **Administrasyon** an pou sa posib yon lòt fwa ankò.

- Manb la dwe kotize **\$100 us Plan Basic, \$200 us Plan Premium, \$300 us Plan Business** kòm **Garanti Depo** li ankò.
- Manb la dwe pa genyen dèt pou **Administrasyon** an pou sa posib.

Atik 103- Dwa Chak Manb.

Pa genyen okenn manb ki genyen yon plas fiks nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**. Sa vle di, plas yo defini selon fason manb la byen kotize san reta, san difikilte epi ak chans manb la genyen nan tiraj yo.

Atik 104- Manb Referans.

Kèlkeswa manb ki nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** pap kapab mete plis pase **Sis (6) Moun** nan **Ekonomi Solidarite** a pou garanti ak pwoteksyon **Estrikti** a. Si toutfwa manb referans yon manb pa ta nan **Estrikti** a ankò pou yon rezon oubyen pou lòt, ebyen lè sa manb la dwe pran chaj pou li jere tout bagay nèt nan **Estrikti** a jiskaske manb referans la ta retounen ankò nan **Estrikti** a.

Atik 105 - Sanksyon Pou Manb Ki Inaktif.

Kèlkeswa manb ki nan pòs elektif nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** pa genyen dwa absan pandan **Katrevendis (90) Jou** pou kèlkeswa rezon an, sinon, otomatikman manb la ap vini yon manb inaktif nan **Estrikti** a.

Atik 106- Nouvo Lenskripsyon Pou Manb.

Pou yon manb ta retounen aktif nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** a ankò, lè sa a, manb inaktif la dwe siyen fòm nan yon lòt fwa ankò nan **Estrikti** a.

Atik 107- Radyasyon San Reklamasyon.

Kèlkeswa manb la ki ta fè yon **Don** nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**, epi ki pa ta nan **Estrikti** a ankò pou kèlkeswa rezon an, manb la pap kapab fè okenn reklamasyon sou kèlkeswa fòm nan.

Atik 108- Règleman Entèn.

Chak antite ki ap administre **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** dwe genyen yon **Règleman Entèn** ki di men koman li fonksyone, wòl ak responsablite chak manb ki ap dirije li, frekans reyinyon ak asanble li, kota pou yo pran desizyon ladan li ak mòd rapòtaj. Pou rezon sa a, **KOJESO** ap genyen **Règleman Entèn** pa li epi tout lòt **Estrikti** ki ap genyen pou kreye nan kad pouswuit vizyon, misyon ak objektif yo.

Atik 109- Amandman Estati.

109.1- Tout dispozisyon anndan **Estati** sa kapab adapte selon nouvel egzijans tan ak lòt sitiyasyon ki kreye li pa te prevwa. Nan sans sa a, atik nan **Estati** a kapab modifiye swa nan yon pati saw nan tout **Estati** a si sikonstans la mande sa.

109.2- Tout chanjman, tout adaptasyon, tout amandman swa an pati oubyen tout **Estati** a nan limenm sa yo kapab fèt nenpòt moman nan peryòd la, men se **KOJESO** ki ap genyen pou apwouve li. Sepandan fòk tout **Manb Fondatè** yo dakò pou sa posib. Sinon, sa dwe fèt chak fwa **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** fini nèt.

Atik 110- Disolisyon Estrikti.

110.1- Nan ka **Asanble Jeneral Manb Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJM-ESHO)** ka fè pwopozisyon vòt pou kraze **Estrikti** a, pou sa posib fòk tout **Manb Fondatè** yo dakò, epi **Kategori Manb Fondatè (Board)** la ap chwazi kèk **Manb Fondatè** nan mitan yo ki ap pran chaj pou likide tout byen **Estrikti** a, patrimwàn sa yo prale jwenn yon òganizasyon sosyal.

110.2- Nan ka tout **Manb Fondatè** yo pa dakò avèk pwopozisyon vòt **Asanble Jeneral Manb Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (AJM-ESHO)**, **Estrikti** a ap toujou egziste avèk **Manb Fondatè** li oubyen yo ki ap ba li lòt fòm pou li kontinye egziste ak kreye lòt **Estrikti** pou kolabore ak li nan entèvansyon li ap genyen pou fè pou ba li vi ankò.

Atik 111- Pouvwa Manb Fondatè.

Kategori Manb Fondatè (Board) ki ap aji pa mwayen **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)**, genyen yon pouvwa ki laj sou tout sa ki ap fèt anndan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**. Epi an deyò tout lòt **Estrikti** sèl li menm ki genyen pouvwa pou kreye yo, li ap toujou egziste depi **Manb Fondatè** yo rete soude epi solidè.

Atik 112- Apwobasyon Règleman Entèn.

Tout manb dwe resevwa **Règleman Entèn** nan ak **Deklarasyon Dangajman Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** pou yo konnen sa ki ladan li, apwouve li, ak pran angajman pou respekte tout atik ki ladan li san manke yon yota epi mete tout atik yo an aplikasyon. **Administrasyon** an ap voye tout dokiman sa bay chak manb li yo sou fòm yon **Lyen Elektronik** pou manb la kapab li, byen li, konprann, byen konprann epi ranpli ak siyen fòm yo elektwonikman.

Mwen menm _____ **Mwen** li, **Mwen** komprann, **Mwen** aksepte epi **Mwen** siyen paske **Mwen** dakò ak tout **Atik** san manke yon yota ki nan **Règleman Entèn Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** pou mete yo an aplikasyon epi koube **Mwen** anba sanksyon yo chak fwa **Mwen** vyole youn ladan yo.

Fèt Nan Dat 02 Desanm 2022

Anrejistre Nan Sekretarya Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO) Nan

Dat _____ / _____ / _____